

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

Anu jadi inti pedaran dina ieu bab nya éta nyaritakeun sakabéh prosedur, prosés, jeung hasil panalungtikan ti mimiti nepikeun ka ahir panalungtikan. Ku kituna, susunan dina pedaran ieu bab téh disaluyukeun jeung panta-panta nangtukeun naon-naon anu ditalungtik katut léngkah-léngkah dina migawé panalungtikan.

Ieu panalungtikan téh dimimitan ku milih jeung nangtukeun masalah nu rék ditalungtik. Léngkah satuluyna nya éta ngalaksanakeun studi munggaran ku cara macaan laporan-laporan tina hasil panalungtikan. Studi munggaran dipilampah pikeun ngayahokeun aya henteuna panalungtikan ti heula anu nalungtik ieu masalah, jeung pikeun mastikeun bisa henteuna ieu masalah ditalungtik. Lantaran, lamun ieu masalah geus kajawab ku hasil panalungtikan ti heula, mangka masalah anu dipilih teu perlu ditalungtik deui. Sanggeus studi munggaran dilakukeun, pagawéan saterusna nya éta nyusun proposal panalungtikan anu ngawengku kasang tukang masalah, watesan masalah, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, dasar tiori, anggapan dasar, wangenan operasional, métode jeung téhnik panalungtikan, sumber data jeung léngkah-léngkah garapan. Satuluyna, éta proposal téh diajukeun ka pihak Jurusan. Sanggeus proposal ditarima ku Jurusan dina Seminar Proposal, ti pihak Fakultas méré *Surat Keputusan (SK)*, kalawan apingan ti dosen pangaping, panalungtikan dituluykeun ku ngayakeun studi pustaka pikeun nyusun tatapakan

tiori. Sanggeus bérés nyusun tatapakan tiori, panalungtikan dituluykeun ku ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyindekkeun hasil panalungtikan.

3.1. Méthode Panalungtikan

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode komparatif kalawan tipe kontrasif (saluyu jeung pamadegan Prawirasumantri, 2000:29). Pangna milih ieu méthode sabenerna mah geus kanyahoan dina judul ieu panalungtikan. Ieu panalungtikan téh ngabandingkeun kandaga kecap anu homonim antara BS jeung BWI. Ari basa anu dibandingkeunana aya dina waktu anu sajaman (sinkronis).

3.2. Sumber Data Panalungtikan

Sumber data ieu panalungtikan téh nya éta ragam basa tinulis (salaku sumber utama) jeung ragam basa lisan (salaku sumber panglengkep). Dipakéna ragam basa tinulis didasaran ku tinimbangan yén ragam basa tinulis leuwih kapiara ti batan basa lisan. Ku kituna, ragam basa tinulis leuwih nyumponan kriteria basa lulugu ti batan basa lisan.

Sumber data basa tinulis ieu panalungtikan téh nya éta nyokot langsung tina *Kamus SUCI (Sunda-Cirebon-Indramayu)* (Drs. Yayat Sudaryat, M.Hum, & I. Adzam Wahyudin, 2005), *Kamus Umum Basa Sunda* (LBSS, 1985), *Kamus Lengkap Sunda-Indonesia, Indonesia-Sunda, Sunda-Sunda* (Drs. Budi Rahayu Tamsyah, 1996), jeung *Kamus Jawa (dialék Indramayu)-Indonesia* (S.A. Mangunsuwito, 2002).

Sumber data basa lisan mangrupa intuisi kabasaan nu nalungtik. Dicokotna ieu data panglengkep téh pikeun ngasupkeun kandaga kecap anu homonim antara BS jeung BWI anu teu kaasupkeun kana sumber data utama, tapi mungkin kapanggih tina hasil ngaregepkeun atawa maca nu nalungtik. Salian ti éta, data tina sumber utama téh mangrupa wangun-wangun léksikal. Jadi, wangun-wangun kecapna mangrupa kecap asal. Pikeun ngasupkeun kecap nu homonim antara BS jeung BWI anu mangrupa kecap kompléks dicokot tina sumber lisan nu mangrupa intuisi nu nalungtik. Pikeun saterusna, ieu data intuisi téh dipariksa ku cara nanya ka panyatur BS-BWI nu séjén ku téhnik élitisasi. Ieu hal téh bisa dipilampah, sabab nu nalungtik mangrupa dwibasawan Sunda-Indramayu. Nurutkeun Unchlenbeck (1982:62) dina Prawirasumantri, spk., ✓ (1997:24) panalungtikan ku cara kitu téh bisa dipilampah, sabab panalungtik nu ngawasa basa nu ditalungtik leuwih alus batan panalungtik anu henteu ngawasa.

3.3. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka jeung observasi. Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber tinulis, sedengkeun téhnik observasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber basa lisan anu maké téhnik intuisi jeung élitasi.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data tina sumber tinulis nya éta :

1. maca data dina sumber data;
2. mariksa data maké kamus;

3. nulis data anu kapilih kana kartu data, sakalian nangtukeun idéntitasna (harti-hartina, warna kecapna, wangun kecapna, jsté);
4. nganomeran korpus dina kartu data jeung nyusun sacara alfabétis;
5. mindahkeun data tina kartu data kana tabél inventaris data.

Anapon, léngkah-léngkah ngumpulkeun data tina sumber lisan sarua baé jeung ngumpulkeun data tina sumber tinulis, sanggeus dipariksa ku téhnik élisitasi, tuluy ditulis kana kartu data. Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta mangrupa kartu data. Kartu nu dipaké nulis data nya éta saperti ieu di handap.

GAMBAR 1.3.

**CONTO KARTU DATA KECAP HOMONIM ANTARA BASA SUNDA
JEUNG BASA DI WEWENGKON INDRAMAYU**

nomer / alfabét							
Bs	(kecap)	/WR	/WN	BWI	(kecap)	/WR	/WN
(1)	(harti)	/WR	/WN	(1)	(harti)	/WR	/WN
(2)	(harti)	/WR	/WN	(2)	(harti)	/WR	/WN
(3)	(harti)	/WR	/WN	(3)	(harti)	/WR	/WN
Korélasi ma'na		: aya/henteu					
Pamarekan harti		: deukeut/jauh					

GAMBAR 2.3.

CONTO DATA DINA KARTU DATA

028 / A.28							
Bs	atos	/Adj	/As	BWI	atos	/Adj	/As
(1)	anggeus	/	/	(1)	teuas	/	/
(2)		/	/	(2)		/	/
(3)		/	/	(3)		/	/
Korélasi ma'na		: teu aya					
Pamarekan harti		: jauh					

Keterangan Gambar 1.3. jeung 2.3.

BS = basa Sunda WR = warna kecap Adj = adjektiva As = kecap asal

BWI = basa di wewengkon Indramayu WN = wangun kecap N = nomina

TABÉL 1.3.
FORMAT TABÉL INVENTARISASI DATA
KECAP HOMONIM BASA SUNDA – BASA DI WEWENGKON
INDRAMAYU

No. Data	Kecap Homonim	Harti	
		B. Sunda	B. Indramayu
(1)	(2)	(3)	(4)

3.4. Téhnik Ngolah Data

Léngkah-léngkah ngolah data ieu panalungtikan téh saperti ieu di handap.

1. Sanggeus dikumpulkeun jeung ditulis dina tabél inventarisasi data, data dipasing-pasing dumasar kana (1) warna kecapna, (2) wangun kecapna, (3) korélasi ma'nana, jeung (4) pamarekan hartina. Papasinganana dipedar dina BAB IV.
2. Cara masing-masingna nya éta ku cara ngagolong-golongkeun korpus anu idéntitasna sarua. Upamana baé, kecap homonim antara BS jeung BWI anu warna kecapna N – N dihijikeun kartuna jeung kecap homonim antara BS jeung BWI anu warna kecapna N – N, kecap homonim antara BS jeung BWI anu warna kecapna N – V dihijikeun kartuna jeung kecap homonim antara BS jeung BWI anu warna kecapna N – V, kitu jeung saterusna.

3. Sanggeus sakabéh korpus dipasing-pasing dumasar kana warna kecapna, éta papasingan data téh dipindahkeun kana tabél.
4. Sanggeus bérés masing-masing data pikeun BAB IV, pikeun kaperluan impleméntasi panalungtikan, data dipasing-pasing deui dumasar kana aya henteuna korélasi ma'na antara BS jeung BWI.
5. Sanggeus réngsé nyusun BAB IV, hasil panalungtikan dicindekkeun dina BAB V. Salian ti kacindekkan, eusi BAB V téh nya éta saran-saran pikeun anu maca ngeunaan kecap homonim antara BS jeung BWI dumasar kana hasil panalungtikan.

3.5. Conto Analisis Data

Dina ieu bagian dipidangkeun conto analisis tilu data kecap homonim antara BS jeung BWI. Supaya teu panjang teuing nyebutna, kecap homonim antara BS jeung BWI téh disingget deui jadi kecap homonim BS – BWI.

(002) <i>abrag</i>	BS: 'kasar'	BWI: 'pakakas'
(023) <i>anteb</i>	BS: 'bener-bener'	BWI: 'gede sorana'
(076) <i>guyur</i>	BS: 'ibur'	BWI: 'banjur'

Dumasar kana warna kecapna, data (002) *abrag* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu adjétiva – nomina, data (023) *anteb* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu partikel – partikel, data (076) *guyur* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu partikel – verba.

Dumasar kana wangun kecapna, data (002) *abrag* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu wangunna asal - asal, data (023) *anteb* kagolong kana

kecap homonim BS – BWI anu wangunna asal - asal, data (076) *guyur* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu wangunna asal – asal.

Dumasar kana korélasi ma'nana, data (002) *abrag* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu teu aya korélasina, data (023) *anteb* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu teu aya korélasina, data (076) *guyur* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu teu aya korélasina.

Dumasar kana pamarekan hartina, data (002) *abrag* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu jauh pamarekan hartina, data (023) *anteb* kagolong kana kecap homonim BS – BWI jauh pamarekan hartina, data (076) *guyur* kagolong kana kecap homonim BS – BWI anu jauh pamarekan hartina.

